# QAZÍ MÁWLIK BEKMUXAMMED ULÍNÍŃ AǴARTÍWShÍLÍQ-JÁDIDShILIK XÍZMETLERI

**Seytmuratov Qalbay** – *pedagogika ilimleriniń kandidatı*
qalbay1954@gmail.com
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

# ПРОСВЕТИТЕЛЬСКО-ДЖАДИДСКАЯ ДЕЯТЕЛЬНОСТЬ КАЗЫ МАУЛИКА БЕКМУХАММЕД УГЛЫ

**Сейтмуратов Калбай** – *кандидат педагогических наук*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# ENLIGHTENMENT AND JADEED ACTIVITIES OF KAZI MAWLIK BEKMUXAMMED UGLI

**Seytmuratov Qalbay** – *Candidate of Pedagogical Sciences*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Tayanch so‘zlar:** madaniyat, maorif, ma’rifat, maktab, madrasa, adabiyot, jadidchilik, qissaxonlik, tarjimon.

**Rezyume.** Maqolada qoraqalpoq xalqining buyuk farzandi, shoir, pedagog, qissaxon, tarjimon, jurnalist Qazi Maulik Bekmuxammed o‘g‘lining ma’rifiy-jadidchilik faoliyati haqida so‘z boradi.

**Ключевые слова:** культура, образование, просвещение, школа, медресе, литература, джадидизм, сказитель народных эпосов, переводчик.

**Резюме.** В статье рассматривается просветительско-джадидская деятельность великого сына каракалпакского народа Кази Маулика Бекмухаммеда оглу, поэта-просветителя, сказителя народных эпосов, переводчика и журналиста.

**Key words:** culture, education, enlightenment, school, madrasah, literature, Jádidism, storytelling, translator.

**Summary.** The article discusses the educational and innovative activities of the great son of the Karakalpak people, poet, teacher, storyteller, translator, and journalist Kazy Maulik Bekmukhammed oglu.

**Kirisiw.** Qaraqalpaq xalqınıń súyikli perzentleriniń biri – belgili jádid aǵartıwshısı, shayır, qıssaxan hám awdarmashı Qazı Máwlik (shın atı Máwdit) Bekmuxammed ulı xalıq arasında úlken abırayǵa iye bolıp, óz ómirin úlkemizde tálim-tárbiya hám mádeniyattı rawajlandırıwǵa, xalıqtı sawatlı etiwge, olardıń dúnyaqarasın rawajlandırıwǵa jumsaǵan insan edi. Ásirese, onıń jańa jádid usılındaǵı mektepti shólkemlestiriwi, kitap sawdasın jolǵa qoyıwı, shayır qıssaxanlar mektebin shólkemlestiriwi hám sol tiykarda xalıq awızeki ádebiyatı dúrdanaların qaǵazǵa túsirip, jazba kitap halına keltirip xalıqqa tarqatıwı ayrıqsha dıqqatqa ılayıq. Ol Islam mádeniyatın jetik iyelegen adamlardan bolǵan, xalıq, millet mádeniyatın júdá ulıǵlaǵan. Ondaǵı sawatlılıq, talantlılıq keleshekte milliy xalıq mádeniyatın qorǵawshı hám baslawshılardan bolıp jetilisiwine sebep bolǵan.

Qazı Máwliktiń ómiri hám dóretiwshilik xızmetleri elege shekem jeterli dárejede úyrenilmegen. Onıń ómiri, xızmeti haqqında baspasózde, ilimiy miynetlerde hár qıylı maǵlıwmatlar ushırasadı. Sebebi quwdalawshılıq jıllarında shayırdıń jazǵan miynetleri, qosıqlarınıń kópshiligi joq etip jiberilgen.

**Tiykarǵı bólim:** Qazı Máwlik Bekmuxammed ulı 1885-jılı Shımbay uezdi Jańabazar bolıslıǵında Aqtuba awılında diniy ulama shańaraǵında tuwılǵan. Onıń ákesi Bekmuxammed axun xoja ruwınan bolıp, hár tárepleme sawatlı insan bolǵan. Shımbaydaǵı Qaraqum iyshan hám Buxaradaǵı Kukaldash medreselerinde tálim alǵan. Uzaq waqıt Shımbaydaǵı Xan meshitiniń Bas imamı, Shımbaydıń qazısı (sud’yası) lawazımlarında islegen.

Jas Máwlik dáslebinde Shımbaydaǵı Áliy axunnıń meshitinde tálim aladı. Akesiniń járdeminde jaslayınan kóp tillerdi úyrengen, qıssalardı oqıǵan, dóretiwshilikke ıqlaslı bala bolıp ósken. Ákesi Bekmuxammed perzentiniń ilimli, bilimli bolıwın qálep onı ózi oqıǵan Qaraqum iyshan medresesine oqıwǵa beredi. Bul jerde ol din tiykarları menen birgelikte shıǵıs poeziyasın qunt penen úyrenedi.

Qaraqum iyshan medresesin pitkergennen keyin ilimge qushtar Máwlik ákesiniń qollap-quwatlawı menen pútkil Orta Aziyaǵa belgili oqıw ornı bolǵan Buxaradaǵı Kukaldash medresesine oqıwǵa kiredi hám ol jerde de diniy sabaqlardı, islam mádeniyatın tereń úyreniw menen birge Shıǵıs klassikleriniń bay miyrasları menen tanısadı. Shayırlıqqa intası kúshli bolǵanlıǵı sebepli ózi de qosıqlar dórete baslaydı.

Medresede oqıwı dawamında sol dáwirdegi úlken siyasiy aǵımǵa aylanǵan jádidshilik háreketi, onıń baǵdarlaması menen tanısadı hám isti bilimlendiriw tarawın reformalawdan baslaw haqqındaǵı olardıń shaqırıqları jas Máwlik te úlken tásir oyatadı. Nátiyjede bul shaqırıq onıń keleshek ómir jolın belgileydi hám aǵartıwshılıq isine sadıq qalıwına tiykar jaratadı. Nátiyjede Qazı Máwlik Túrkistan hám Buxara jádidleriniń islerin qaraqalpaq jerinde dawam ettiriwshilerdiń eń iri wákillerinen biri boldı.

«Jádidshi shayır Qazı Máwlik Buxara medresesinde oqıp júrgen gezleri «Jas buxaralılar» [1:57] háreketine aǵza bolıp, jádid mektebindegi tálim procesi, jádidshilik háreketiniń milliy ǵárezsizlik ushın umtılıw jobaları menen tanısıp, diniy bilimlerin tereńlestiriw menen birge jámiyetlik siyasiy kózqaraslarında keńeytip baradı. Qazı Máwlik medreseni 1912-jılda tamamlap, Qaraqalpaqstanǵa kelip jádidshilik háreketin dawam ettiredi. Shımbayda jańa usıldaǵı mektep shólkemlestirip, mektep oqıwshıların biypul awqatlandırıp, olarǵa tálim bere basladı» [2:17]. Onıń ashqan mektebinde balalardıń kópshiligi kem támiyinlengen shańaraqlardan bolǵanlıqtan olardı kiyim, azıq-awqat hám oqıw quralları menen támiyinlewdi shayır óz qolına aladı.

Jádidlerdiń «Jas buxaralılar» shólkemi júdá abıraylı jádidshilik toparlardan edi. Bul shólkemge keyinshelik pútkil Turkistan jádidleriniń jetekshilerine aylanǵan Maxmudxoja Behbudiy, Abdirauf Fitrat, Fayzulla Xojaev, Sadratdin Ayniy h.t.b. aǵza bolǵan.

Biraq, sol dáwirde Shımbaydıń qazısı (sudyası) bolıp islep atırǵan ákesi Bekmuxammed qaytıs boladı. Jas bolıwına qaramastan Máwlik ákesiniń ornına qazı lawazımına saylanadı. Sonıń menen bir waqıtta xalıqtıń húrmetine ılayıq bolǵan Qazı Máwlik Shımbaydıń

Xan-meshitiniń imamı bolıp ta isleydi. Balalarınıń aytıwına qaraǵanda ol bir neshe múddetke irkinishsiz saylanıp, ulıwma 14 jıl dawamında qazı lawazımında isleydi.

Rus patshasınıń urısqa baylanıslı front artında jumıs islewge márdikarlıqqa alıw haqqındaǵı pármanına qarsı 1916-jılǵı Shımbayda baslanǵan kóterilis úlken tariyxıy úaqıya sıpatında tariyxta qalǵanı málim. Óz xalqın, milletin súyetuǵın Qazı Máwliktiń bul waqıyaǵa qatnası haqqında alımlarımız bılayınsha jazadı: «Shımbay bul xalıq azat etiwshilik háreketlerdiń eń qaynaǵan oraylarınan biri bolıp turǵan jer edi. Óz elindegi bul tariyxıy, siyasiy jaǵday jas oqımıslı alımǵa tásir etpewi múmkin emes edi. Onıń ústine Qazı Máwlik jádidlik háreketlerdi elge keń tarqatıwshılardıń biri boldı, sol sebepli ol Shımbaydaǵı xalıq kóterilisiniń belsendi qatnasıwshılarınıń biri boldı» [3:91].

Márdikarǵa adam alıw xalıqtıń kewillerin qayǵı-ǵamǵa toltırdı. Olardıń kóbisi ózleriniń bul qayǵıların bólisiwge, saǵınısh qosıqların jazıp beriwdi sorap Qazı Máwlikke keledi. Qazı Máwlik bularǵa tilekles insan sıpatında olardıń tileklerin orınlaydı. Shayırdıń bul tariyxıy waqıyalarǵa arnalǵan «Márdikar» qosıǵı sol jılları xalıqqa eń kóp taralǵan shıǵarmalardan boldı.

Kegeyli boyına aq gúl pitipti,
Biziń yarlar márdikarǵa ketipti,
Yash ǵana yarını háyran etipti,
Keshe ketken sáwdigimdi saǵındım.
Elden ayra túsip ketti neshsheler,
Kambaǵal qashaqqa árman ettiler,
Xabar yoq bilmeymen qayda kettiler,
Keshe ketken sáwdigimdi saǵındım.

Qazı Máwlik shayır hám aǵartıwshı sıpatında belgili insanlar Seyfulǵabid Májitov, Qasım Áwezov, Ayapbergen Muwsaev hám t.b. menen tıǵız baylanısta bolǵan. Arab grafikasın reformalaw, jádid usılındaǵı tótelep oqıwdı shólkemlestiriwshilerdiń biri boldı.

Ásirese, S.Májitov penen jańa usıldaǵı jádid mektebi, ondaǵı oqıw-tárbiya máselelerin shólkemlestiriw boyınsha xat jazısıp turǵan. Ekewi de shayır tábiyatlı adamlar bolǵanlıqtan kóbinese olardıń bir-birine jazǵan xatları qosıq qatarları menen jazılar edi. 1907-jılı S.Majitov Shımbaydıń bolısı Iniyat bolısqa qosıq qatarları menen xat jazıp, Shımbaydan jádid usılındaǵı mekteplerdi ashıwdı usınıs etedi. Ol bunnan sál aldın usı mazmundaǵı xattı Qazı Máwlikke de jollaǵanlıǵın bildiredi. Bunı Qazı Máwlik penen Qońıratshı Sápiwra atlı shayır qız arasındaǵı aytıs qosıqları arqalı da kóriwge boladı. S.Axmetov, B.Ismaylov, K.Mámbetovlar baspaǵa tayarlanǵan orta mekteplerdiń onınshı klası ushın sabaqlıqta bul aytıs jóninde «Seyfulǵábid penen Qazı Máwliktiń jazba túrdegi aytısları shınında da mádeniy aǵartıwshılıq haqqındaǵı aytıslar bolıp esaplanadı. Eki bilimli shayırdıń pikiri de negizinen xalıqtı bilimlendiriwge baǵdarlanadı» [4:215] – dep kórsetiledi. Sonday aq bunıń tastıyıǵın S.Majitovtıń Qazı Máwlikke jazǵan mına sálemnamasınan da kóriwimizge boladı:

Áziyzim, endeshe bul sózdi eshit,
Shımbayda bolǵanı bir-eki meshit,
Ne qılsın ortada jalǵız iyshan,
Mektepte mollasınan bolmay tur nıshan,
El ushın bilimsiz qalǵan qáwipli,
Kóp balalar oqıy almas háripti.

Qazı Máwlik jetik hám sawatlı insan sıpatında arab, parsı hám basqa tillerdi jetik bilgen. Quranı Kárimdi oqıp otırıp, irkilmesten qaraqalpaq tiline awdarıp, mánis-mazmunın túsindirip bere alǵan.

Qazı Máwlik birinshi gezekte xalıqtı sawatlandırıwdı maqset etken aǵartıwshı insan bolǵan. Usı maqsette ol Shımbay qalasında kitap dúkanın shólkemlestirip, kitap sawdasın jolǵa qoyǵan. Ol Rossiyaǵa, Túrkiyaǵa, Arabiyaǵa, Mısırǵa, Qıtayǵa, Hindistanǵa baratırǵan sáwdegerlerge óz qasınan pul qosıp, kitap aldırıp óz dúkanında sattırǵan. Onıń kitap dúkanında arab, túrk, parsı, tatar, rus tilindegi kitaplar satılǵan. Kitap dúkanına kitap alıp keliw ushın ózi de tez-tez Tashkent qalasına saw-dagerler menen birgelikte barıp kelip turǵan. Sonday-aq ol kitap kóshiriwshiler jumısın jolǵa qoyıp, kitap qılıp túplengen qol jazbalarda usı jol menen satılıp, tarqatılıp barılǵan.

Qazı Máwliktiń ózi xosh hawaz qıssaxan bolǵan. Átirapına talantlı shayır, baqsı, jıraw hám qıssaxanlardı toplap, olar ushın qıssaxan shayırlar mektebin shólkemlestirgen. Bul mektepte qıssaxanlardan dástanlar hám basqa da xalıq awız eki dóretpeleri jazıp alınıp, jazba, yaǵnıy kitap halına keltirilip xalıqqa tarqatılıp barılǵan. Bul jerde basqa turk tilles xalıqlardıń tillerinen Xoja Axmed Yassawiy hám Sulayman Baqırǵaniydiń shıǵarmaları, «Góruǵlı», «Yusip-Axmed», «Ǵárib ashıq», «Húrliqa-Hamra», «Yusip-Zlixa» hám basqa da dástanlar qaraqalpaq tiline awdarılıp, tarqatılǵan. Bul shıǵarmalardıń ayırımların Qazı Máwliktiń ózi awdarmalaǵan, ózi de shıǵarmalar dóretken. Usı maqsette bul jerde kitap kóshiriwshiler, kitap túplewshiler hám awdarmashılarda tayarlanǵan. Sonıń menen birge xalıq massası kóp toplanatuǵın bolǵanlıqtan aldıńǵı progressiv ideyalardı, jádidshilik ideyaların xalıq arasına tarqatıwda, jańalıqlardı jetkeriwde qıssaxanlıq mektebinen paydalanıw maqset etilgen hám bul is belgili dárejede ámelge asırılǵan. Belgili shayır, qıssaxan Abbaz Dabılov eske túsiriwlerinde bılay deydi: el arasında qosıqlardı oqıǵanımızda adamlar Qazı Máwliktiń shıǵarmaların Maqtımqulınıń shıǵarmalarınan beter jaqsı kórip oqıtar edi.

Shayır Qazı Máwlik Firdawsiy, Nizamiy, Nawayı, Kúnxoja, Ájiniyaz, Berdaqtıń shıǵarmaların qunt penen úyrengen. Maqtımqulınıń qosıqların qaraqalpaq tiline awdarǵan. Ózide ashıqlıq, ıshqı-muhabbat, tuwılǵan jer, Shımbay haqqında kóplegen qosıqlar dóretken. Olardıń qatarına onıń bizgeshe jetip kelgen «Shımbay bayazı», «Aqlım hayrandur», «Márdikar», «Ne sózdur», «Nedur gúnayım», «Periyzat», «Shımbaydıń», «Yadıma túshti», «Qurban hayıt», «Qızlar qosıǵı», «Qushaydı» [5:39] hám t.b. kórsetip ótiw múmkin. Onıń jazǵan qosıqları xalıqtıń kewlinen shıqqanlıqtan adamlar yad alıp, awızdan-awızǵa kóship júrgen. 1949-jılı «Gúlistan» ádebiy almanaxında onıń bir qansha qosıqları járiyalanadı.

Shayır bárqulla xalıqtıń turmıs sharayatlarınan xabardar bolǵan hám olardıń jırın jırlaǵan. Bunı shayırdıń «Qurban hayıt» qosıǵınanda oqıwǵa boladı:

Aydı qurban keldi dep, bar adamlar qurban eter,
Tapmaǵan biysharalar lobiya salıb sıqman eter.
Basqa ilajı bolmaǵan soń, xosh waq bolıp kewil eter,
Basqa jaqtan miyman kelse, kel qonaǵım iship-je der.
Bar kisi jánnet diyib qurbanlıqqa sıyır jeter,
Quyrıǵına asılıb, etti kishi gúná kesher.
Biyshara bolsa, sıqman ishib shıp-shıp bolıp terge túsher,
Ilajın topıb, ol ǵárib dozaqtan hám eplep óter.
Bolmasa ol biyshara qurbanlıqqa nesin soysın,

Axun menen mollanıń aldına al dep ol nesin qoysın.
Ay qudaya men de seniń bendeń men - dep, zar yıǵlap,
Aytadı ol ǵárib: «Sıqmanǵa bala-shaǵam toysın», – dep jazadı.

Shayır hayal-qızlarǵa baǵıshlanǵan qosıqlarında teńew formalarınan orınlı paydalanıp, qızlarımızdıń sulıwlıǵın lirikalıq sheberlik penen táriypleydi. Bunı onıń «Shımbay» qosıǵında kóriwge boladı:

Tániń titirár ah yúzlárin kórgende,
Lábin tishláb belin qushıb turǵanda,
Baldan láziz láblárini sorǵanda,
Shiyrin sheker qızları bar Shımbaydıń,-dep jırlaydı.

Shayır «Shımbaydıń» qosıǵında bolsa tuwılǵan jerdiń jamalı óz aldına ekenligin kórsetip, onıń Mısırdan da abzal ekenligin, keń paytaq dalaların maqtanısh sezimleri menen jırlaydı hám ulıǵlaydı:

Mısırdan yaqshıdur Shımbay qalası,
Jorǵa yurmel miner qızıw-balası,
At shappaǵa keńdur anıń dalası,
Shunıńdayın elleri bar Shımbaydıń.

Qazı Máwlik sovet húkimeti ornaǵannan keyin 1922-1923-jılları mektep jumısın rawajlandırıw menen birge sawda tarawında jumıs isleydi. Sawatlı bolǵanlıǵı ushın 1925-1928-jılları Shımbay qalalıq hám rayonlıq atqarıw komitetlerinde xatker bolıp isleydi.

Qazı Máwlik 1928-1929-jıllarǵa kelip, kelip shıǵıwı dindarlardan, bay shańaraqtan dep kórsetilip, eski feodallıq dúzimdi qollap-quwatlawda, jádidshilik ideyaların propagandalawda ayıplanıp, «xalıq dushpanı» sıpatında jergilikli húkimet tárepinen quwdalana baslaydı. Orınsız ayıplawlar menen uzaq dawam etken quwdalaw shayırdı eldi taslap ketiwge májbúrleydi. Nátiyjede 1929-jılı onı qamaqqa alıwǵa kelgen payıtları tereze arqalı shıǵıp qashadı hám Túrkmenstanda jasırınıp jasawǵa májbúr boladı.

Qazı Máwlik sawatlı insan, shayır hám qıssaxan bolǵanlıqtan túrkmen xalqı arasında da úlken húrmet-izzetke sazawar boladı. Aytıwınsha onıń menen hár bir ushırasıw bayramǵa aylanǵan. Ol jıynalǵanlarǵa Maqtımqulı, Molla Nepes shıǵarmalarınan úzindiler oqıp hám mánisin túsindirip berer edi.

Qazı Máwlik urıs jıllarınan keyin 1949-jılı elge qaytıp keledi hám Nókis qalasında jasaydı. Dóretiwshilik toparlar jámáátinde jumıs isleydi. Qosıqlar jazadı, xalıq arasında ótkeriletuǵın mádeniy-aǵartıwshılıq ilájlarǵa qatnasadı, rayonlarǵa gastrollarǵa baradı.

Lekin shayır kóp ótpey 1950-jılı 19-yanvar kúni 63 jasında qaytıs boladı. Házir shayır jasaǵan Nókis hám Shımbay qalalarındaǵı kósheler onıń atı menen ataladı.

**Juwmaq.** Qazı Máwlik shıǵısı boyınsha da, sońǵı iyelegen lawazımları, eldegi islegen xızmetleri boyınsha da sovet húkimetine jat adam bolıp esaplanadı. Ońıń ústine «Jas Buxaralılar» shólkeminiń aǵzası sıpatında Qaraqalpaqstanda jádidshilik háreketlerdi rawajlandırǵanı ushın ol qamaqqa húkim etiledi. Sol sebepli ol tuwılǵan elin taslap uzaq waqıt ǵayrı jurtta panalap jasawǵa májbúr boladı.

Qazı Máwlik ullı jazıwshı, shayır, aǵartıwshı, awdarmashı, qıssaxan, jurnalist, xalqımızdıń óz dáwirinde júreginen keń orın iyelegen adam sıpatında onıń atı qaraqalpaq ádebiyatı, mádeniyatı tariyxında máńgi qaladı.

## Ádebiyatlar


1. Dolimov U. Turkstonda jadid maktablari. – Toshkent: «Universitet», 2006. .
2. Кудияров А.Р. История города Чимбая (XIX– начало XX вв.): Автореф. Дисс…канд. ист. наук. – Нукус: 1999.
3. Paxratdinov A., Allambergenov K., Bekbergenova M. XX ásir qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı. – Nókis: «Qaraqalpaqstan», 2011.
4. Qaraqalpaq ádebiyatı. Orta mekteplerdiń 10-klası ushın sabaqlıq. – Nókis: «Bilim», 1992.
5. Dawletov B. XX ásir basındaǵı qaraqalpaq lirikasında janrlıq formalar máselesi. – Nókis: 2002.